

Gadri ki apropnye a devlopman mantal: Kesyon pou paran timoun ki pral antre lekòl

Lis verifikasyon sa a ap pèmèt ou evalye pwogram gadri ki kapab bay pitit ou ki pral antre lekòl yon anviwonman kote pitit ou ka pi alèz. Ba lòt paran ki te mete timoun nan laj pitit nan yon lòt program referans ke ou genyen pou si ou ta gen yon pwèn de vi sou on lòt program ke'w te pran an konsiderasyon.

Twa pi gwo karakteristik devlopman mantal nan timoun ki pral antre lekòl:

Pou yo aprann adrese yo nan sosyete ak moral kap ede yo dekouvri kote yo ye avèk lòt moun nan mond ki antoure yo a.

Yon enterè nan teste ak eseye nouvo abilite sosyal/fizik, ak

Yon enterè nan mond ki antoure yo a, ak debi imajinasyon yo, epi devlopman nouvo ide pa yo.

Kesyon pou nenpòt moun oubyen pwogram ki ede timoun ki pral antre lekòl:

- 1. Eske kote pou jwe ya pwòp e an sekirite pou timoun? Eske kote sa a genyen materyèl ak jwèt enteresan pou bay sèvo a defi epi enspire jwèt kreatif tankou liv, jed-pasayans, ak bagay ki relye ak art? Eske timoun yo aprann**

- sou abilite pratik tankou aprann fè manje? Eske timoun yo gen opòtinite pou yo fè eksperyans nan lòt kote san ke se pa nan gadri ya?
2. Si zafè al nan twalèt yon difikilte pou pitit ou, kòman pou antrene timoun nan pou al nan twalèt? Eske sa akseptab ak ou? Ki sa ki rive si yon timoun fè'l sou li? Eske yon moun rasire timoun nan e ede'l ak sityasyon'l nan endepandaman san ke yo pa imilye'l?
 3. eske gen kont opòtinite pou jwèt fizik ak eksplorasyon ni anndan ni deyò?
 4. eske gen kont espas pou timoun nan jwe pou kont li oubyen nan gwoup? Eske gen ekipman deyò pou'l ka eksplore?
 5. eske gen kont libète ak fleksibilite pou timoun nan tan yo ak aktivite yo? Mande kouman yon jounen tipik pase ant yon timoun nan menm laj ak pitit ou ak pwofesè ya. Eske yo ankouraje timoun yo pou yo jwe ansanm epi pratike abilite sosyal?
 6. ki disiplin ak filozofi ke pwofesè timoun nan gen nan pwogram ni? Eske limit ak lwa yo eksplike byen? Eske yo apwprye a laj piti ou a?
 7. eske pwofesè ya pale ak timoun nan dirèkteman oubyen eske li jis chita gade yo? Eske li itilize bon mo lè lap pale dirèkteman ak timoun yo depandan aktivite fizik yo? Eske li tande lè timoun nan pale?
 8. eske pwofesè sa a kalme diskisyon Dousman? Eske lè pral gen yon pwoblèm, li gentan regle sa menm avan pwoblèm nan koumanse? Eske tan sa yo sèvi kòm yon opòtinite pou apran leson lavi ya oubyen eske yo se tan ki itilize pou kenbe la pè sèlman?
 9. eske pwofesè sa a respekte kouraj, preferans ak feblès ke chak timoun genyen? ki kantite leson akade mik ke pwogram nan genyen? Kòman leson sa yo prezante a timoun nan?
 10. konbyen lòt timoun ki nan klas/pwogram nan ak piti ou a? ki laj yo?
 11. ki moun ki responsab pou zafè manje? Ki lwa ki genyen pou lè timoun nan pote jwèt ak manje soti lakay li? Ki sa ke ou responsab pou bay-dra, lòt rad ak kouchèt oubyen yon chèz machin?

Espesyalman pou pwogram gadri famiyal day yo...

1. eske stil d'inkyè ak filozofi, spesyalman nan bay limit, menm ak paw? Eske ou santi'w konfòtab ak stil/metòd li yo? eske moun nan ka adapte stil li ak diferan gwoup laj an menm tan respekte devlopman mantal pitit ou?

2. eske anvironman ranje pou yon timoun ki fenk pral antre lekòl navigue'l an sekirite? Eske tout bagay ki ka kraze nan yon plas kote pou timoun nan pa ka jwenn ni? Kote timoun nan ap plis pase tan'l? eske piti ou a ap pati nan yon machim ak pwofesè li ya? Eske se souvan? Eske ou konfòtab ak sa a?
3. ki lòt demand ki nan kay la ki pote a atansyon pwofesè ya? Eske yo ka yon obstak pou li bay pitit ou sipèvizyon ak interaksyon?
4. ki eksperyans ke moun sa a genyen ak timoun ki pral antre lekòl? eske li gen onkenn kalifikasyon spesyal oswa onkenn eksperyans edikasyonèl?
5. eske gen televizyon nan pwogram sa a? konbyen, ki lè, e ki pwogram ke yo gade?

Espesyalman pou pwogram sant gadri yo...

1. konbyen adilt kap pran swen pitit ou a? eske se menm moun yo kap pran swen pitit ou nan menm skèdjil chak jou oubyen chak semèn?
2. ki kalifikasyon ak eksperyans ke chak moun sa yo ki pral gade piti ou a genyen? Eske yon genyen yon antrenman pesyal pou sa?
3. ki filozofi moun sa yo genyen sou devlopman timoun ak limit ke yo bay? Eske li ale ak stil parantaj ou?

Child care resource center inc. 130 Bishop Allen Drive, Cambridge, MA 02139

Parent infoLine 617-5471063 ext72

E-mail: parentinfo@ccrcinc.org

<http://www.crcinc.org>